# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–13 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

दुइ दिवसीय दौरा पर आजु भिन्नही गोरखपुर पहुंचल मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ राष्ट्रीय स्वच्छ वायु कार्यक्रम के तहत नगर निगम की ओरि से आयोजित राष्ट्रीय सेमीनार के समापन सत्र में सामिल भइलें। ऐह मौका पर उहां के कहलीं कि कार्बन उत्सर्जन के न्यूनतम स्तर पर ले अइले अउर पर्यावरण संरक्षण बदे प्रौद्योगिकी अउर जन जागरूकता के समन्वय से ही बढ़िया रिजल्ट आई। उहां के कहलीं कि कार्बन उत्सर्जन कम करे बदे सरकार नवीकरणीय ऊर्जा पर जोर दे रहलि हवे। ऐही क्रम में अजोध्या के पहिला सोलर सिटी के रूप में बिकसित करे के सथही प्रदेस सरकार सज्जों सत्रह गो नगर निगम के सोलर सिटी बनाई।

***प्रदेश सरकार ने अपने यहां रेन्यूवल एनर्जी की भी अपनी पॉलिसी दी। हमने तय किया बाईस हजार मेगावाट के रेन्यूवल एनर्जी के जिसमें से अब तक हम लोगों लगभग छह हजार रेन्यूवल एनर्जी बना चुके हैं। सोलर पैनल के माध्यम से देश की पहली सोलर सिटी के रूप में हमने अयोध्या को बनाया है। अयोध्या अब प्रदेश की पहली सोलरी सिटी है जहां पर जितनी भी रिन्यूवल एनर्जी हमारी बनती है उसी से वहां स्ट्रीट लाईट जलती है स्ट्रीट लाईट के लिए माईक्रो या थर्मल पावर का उपयोग नही करते। वहां पर हमलोगो ने सोलर पैनल हम लोगों ने लगाये हैं। उसी से स्ट्रीट लाईट अयोध्या की जलती है ऐसे ही सत्रह के सत्रह मुनिसपल कार्पोरेशन को हमलोगों ने इसके साथ जोड़ने का कार्य किया है।***

मुख्यमंत्री पर्यावरण संरक्षण बदे पौध रोपण अभियान के सफलतो का जिकिर कइलें।

***प्रदेश में हमलोगों ने वृक्षारोपण के कार्यक्रम को बड़े पैमाने पर आगे बढ़ाया और मुझे बताते हुए प्रसन्नता है कि अकेले उत्तर प्रदेश में पिछले आठ वर्ष के अंदर दो सौ दस करोड़ वृक्षारोपण के कार्यक्रम को सफलता पूर्वक क्रियान्वित किया है।***

श्री योगी घर के लग्गे पेड़ पौधा लगावे क अपीलि करत कहलें कि पेड़ पौधा से घर क रौनक होला। प्रकृति के गोदिये में रहि के हमनीं के अध्यात्मिक अंतःकरण के जी सके ली।

**********

उत्तर प्रदेस पुलिस सिपाही भरती परीक्षा क फाइनल रेजल्ट आजु घोसित कइ दिहल गइल। परीक्षा मे सफल होखे वाले साठ हजार दुइ सौ चउवालीस अभ्यर्थिन के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सुभकामना दिहलें हवें। उहां के अपने सोसल मीडिया प्लेटफार्म एक्स पर लिखलें हई कि ई बहुते खुसी क विसय ह कि चयन प्रक्रिया के जरिया से बारह हजार अड़तालीस बेटी यूपी पुलिस क हिस्सा बने जा रहल हइनि। उहां के बतउलीं कि निस्पक्ष अउर पारदरसी प्रक्रिया के जरिया से भइल ऐह चयन परीक्षा में सामान्य बर्ग क बारह हजार नौ सौ सैंतीस अभ्यर्थी, अउरियो पिछड़ा बर्ग क सोरह हजार दुइ सौ चौंसठ पद के सापेक्ष बत्तीस हजार बावन अभ्यर्थी, अनुसूचित जाति क बारह हजार छह सौ पचास पदन के सापेक्ष चउदह हजार छब्बीस अभ्यर्थी अउर अनुसूचित जनजाति क बारह सौ चारि पदन के सापेक्ष बारह सौ ओन्तीस अभ्यथी पास भइल हवें।

**********

प्रदेस भर में होली क तिउहार बिहने हंसीखुसी अउर उछाह के साथे मनावल जाई। बजारिनि में बहुते रौनक हौ। रंग, पिचकारी अउर खइले–पियले क समान के दोकानिन पर बहुते भीडि लागल हौ। चारो ओरि उछाह क माहौल बनल हौ। मथुरा के वृन्दावन बांके बिहारी मंदिरो में आजु ढेरि संख्या में सरधालु रंग–गुलाल अउर फूल से होली खेललें।

ओहीं, होली के मौका पर सान्ती व्यवस्था बनावे रक्खे बदे सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम कइल गइल हौ। सज्जो जिलन में अतिरिक्त सतर्कता बरतल जा रहल हौ। प्रदेस में अलर्ट जारी कइ के सरारती तत्वन पर लगतारे कड़ेर नजरि रक्खले क निरदेस दीहल गइल हौ। प्रदेस भर में स्थानीय पुलिस क अलावा पीएसी अउर अर्धसैनिको बल क तैनाती कइल गइल हौ।

प्रदेस भर में आजु राति के होलिका जरावल जाई। येह मौका पर गोरखपुर के पाण्डेय हाता से निकले वाला पारम्परिक सोभाजतरा में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सामिल भइलें।

**********

यूपी बोर्ड क परीक्षा काल्हि पुरहर पारदरसिता अउर नकलविहीन माहौल में पूरा हो गइल। प्रदेस सरकार की ओरि से परीक्षा प्रणाली में सुधार अउर नकल रोके बदे जवन कोसिस कइल गइल ऊ सफल होत देखाई दे रहल हौ। परीक्षा के दौरान नकल के मामिला में ढेरे कमी दरज कइल गइल हौ। दुइ हजार बीस में सात सौ साठि परीक्षार्थी नकल करत पकड़ल गइल रहलें जबकि दुइ हजार बाइस में ई संख्या घटि के एक सौ नब्बे हो गइल। दुइ हजार तेइस में ई खाली एक सौ सत्ताइस अउर दुइ हजार चउबीस में खाली अड़तालीस विद्यार्थी नकल करत पकड़ल गइल रहें। दुइ हजार पचीस में ई संख्या सिमट के तीस हो गइल हौ।

**********

प्रदेस सरकार धान खरीदि में अपने पछिला सालि क रेकार्ड तूरि दिहले हवे। पछिला साल के तुलना में येह बरिस तीनि लाख नब्बे हजार मीट्रिक टन धान क खरीदि भइल रहे। पछिला बरिस तिरपन लाख अस्सी हजार मीट्रिक टन धान खरीदल गइल रहे जबकि येह बरिस खरीदि बढ़ि के सत्तावन लाख सत्तर हजार मीट्रिक टन से बेसी हो गइल हौ। प्रदेस सरकार निन्यानबे फीसदी से बेसी किसानन क भुगतानों कइ दिहले हौ।

**********